# VAZIRLAR KENGAShI TO'G'RISIDAGI QONUN

## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNÍŃ

## N Í Z A M Í

### Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында

**(жаңа редакция)**

### 1-бап. Улыўма қағыйдалар

**1-статья. Усы Нызамның мақсети**

Усы Нызамның мақсети Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң (буннан былай текстте Министрлер Кеңеси деп жүргизиледи) жумысын тәртипке салыўдан ибарат.

**2-статья. Министрлер Кеңеси ҳаққындағы нызамшылық**

Министрлер Кеңеси ҳаққындағы нызамшылық Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы, усы Нызам ҳәм басқа нызамшылық актлеринен ибарат болып есапланады.

**3-статья. Министрлер Кеңесиниң ҳуқықый статусы**

Министрлер Кеңеси — Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети — экономиканың, социаллық ҳәм руўхый саланың нәтийжели жумыс ислеўине басшылық етиўши, Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы

нызамларының, Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси (буннан былай текстте Олий Мажлис деп жүргизиледи) қарарларының, Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманларының, қарарларының ҳәм бийликлериниң, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети (буннан былай текстте Министрлер Кабинети деп жүргизиледи) қарарларының ҳәм бийликлериниң, Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси (буннан былай текстте Жоқарғы Кеңес деп жүргизиледи) ҳәм оның Президиумының қарарларының орынланыўын тәмийинлейтуғын Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик ҳәкимиятының жоқары атқарыўшы уйымы болып табылады.

Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасында атқарыўшы ҳәкимияттың бирден-бир системасына басшылық ететуғын коллегиал уйым болып табылады.

### 4-статья. Министрлер Кеңеси жумысының тийкарғы принциплери

Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциялары ҳәм нызамларының үстинлиги, инсан ҳәм де пуқараның ҳуқықлары ҳәм еркинликлерин тәмийинлеў, коллегиаллық, ҳәкимият тармақларының бөлиниўи ҳәм бирге ислесиўи, сондай-ақ, ашықлық ҳәм жәриялылық Министрлер Кеңеси жумысының тийкарғы принциплери болып табылады.

## 2-бап. Министрлер Кеңесиниң қурамы ҳәм оны дүзиў тәртиби

### 5-статья. Министрлер Кеңесиниң қурамы

Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң ағзалары — Министрлер Кеңесиниң Баслығы, оның орынбасарлары, Қарақалпақстан Республикасы министрлери (буннан былай текстте министрлер деп жүргизиледи), мәмлекетлик комитетлердиң баслықларынан ибарат болады. Министрлер Кеңесиниң Баслығы лаўазымы бойынша Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң қурамына киреди.

**6-статья. Министрлер Кеңесин дүзиў тәртиби**

Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен дүзиледи.

Министрлер Кеңесиниң Баслығы Жоқарғы Кеңеси Баслығының усыныўы бойынша Өзбекстан Республикасы Президентиниң келисими менен Жоқарғы Кеңес тәрепинен тайынланады ҳәм лаўазымнан босатылады.

Министрлер Кеңеси Баслығы лаўазымына талабан Жоқарғы Кеңесте оның талабанлығы қарап шығылып атырғанда, Министрлер Кеңесиниң жақын мүддетке ҳәм узақ келешекке мөлшерленген ҳәрекетлер бағдарламасын усынады.

Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары, Министрлер Кеңесиниң ағзалары Министрлер Кеңеси Баслығының усыныўы бойынша Жоқарғы Кеңес тәрепинен, ал сессиялар аралығында Жоқарғы Кеңес Президиумы тәрепинен, кейин ала Жоқарғы Кеңестиң тастыйықлаўы менен тайынланады ҳәм лаўазымнан босатылады.

Министрлер Кеңесиниң ағзасы Жоқарғы Кеңес тәрепинен тастыйықланғанынан кейин өз ўазыйпаларын атқарыўға кириседи.

Ҳәрекеттеги Министрлер Кеңеси жаңа сайланған Жоқарғы Кеңес алдында өз ўәкилликлерин тоқтатады, бирақ Министрлер Кеңесиниң жаңа қурамы дүзилгенге шекем  Жоқарғы Кеңес қарарына муўапық өз жумысын даўам еттирип турады.

Министрлер Кеңесиниң структурасы, оның ҳызметкерлериниң штатлары ҳәм мийнетке ҳақы төлеў фонды Жоқарғы Кеңес тәрепинен тастыйықланады.

Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлерин тоқтатыў жаңа қәлиплестирилген Жоқарғы Кеңестиң биринши сессиясы өткерилген күни Министрлер Кеңеси Баслығы тәрепинен жазба мүрәжат бериў арқалы әмелге асырылады.

Жоқарғы Кеңестиң сессиясында Министрлер Кеңесиниң өз ўәкилликлерин тоқтатыў ҳаққындағы тийисли қарар қабыл етиледи.

**7-статья. Министрлер Кеңеси Баслығын лаўазымынан босатыў**

Министрлер Кеңесиниң Баслығы Жоқарғы Кеңес тәрепинен төмендеги жағдайларда лаўазымынан босатылады:

Министрлер Кеңеси Баслығының жумыстан босатыў ҳаққындағы өз арзасына муўапық;

Министрлер Кеңесиниң Баслығы өз ўәкилликлерин атқарыўы мүмкин болмай қалған жағдайда;

Министрлер Кеңесиниң қурамында оның нормал жумыс ислеўине қәўип салыўшы, сапластырып болмайтуғын келиспеўшиликлер жүзеге келгенде, сондай-ақ Министрлер Кеңеси тәрепинен бир неше мәрте Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамшылық актлерине қайшы қарарлар қабыл етилген жағдайда.

## 3-бап. Министрлер Кеңесиниң ўәкилликлери

### 8-статья. Министрлер Кеңесиниң улыўма ўәкилликлери

Министрлер Кеңеси:

нәтийжели экономикалық, социаллық, финанслық, пул-кредит сиясаты жүргизилиўи, илим, мәдeният, билимлендириў, денсаўлықты сақлаўды ҳәм де экономиканың ҳәм социаллық тараўдың басқа тармақларын раўажландырыў бойынша бағдарламалардың ислеп шығылыўы ҳәм де әмелге асырылыўы ушын жуўапкер болады;

пуқаралардың экономикалық, социаллық ҳәм басқа да ҳуқықларын, сондай-ақ нызамлы мәплерин қорғаўға тийисли илажларды әмелге асырады;

министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларының жумысларын муўапықластырады ҳәм де бағдарлайды, олардың жумысы үстинен қадағалаўды тәмийинлейди;

Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамлары, Олий Мажлистиң қарарлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлери, Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм бийликлери, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумы қарарларының орынланыўын тәмийинлейди;

Жоқарғы Кеңеске республиканың социаллық-экономикалық турмысының ең зәрүрли мәселелери бойынша ҳәр жылғы баянатларды усынады;

жаңадан дүзилген министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, ведомстволар ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларының жумысларын муўапықластырады;

стратегиялық жобаластырыўдың заманагөй формаларын мәмлекетлик басқарыў системасына енгизилиўин тәмийинлейди;

республиканы экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыўдың ең әҳмийетли ҳәм де баслы бағдарлары бойынша жақын, орта ҳәм узақ мүддетке мөлшерленген стратегиялар, концепциялар, бағдарламалар ҳәм де «Жол карта»ларын әмелге асырыў бойынша илажлар көреди.

Министрлер Кеңеси мәмлекетлик басқарыў уйымлары ҳәм өзи дүзген хожалық басқарыў уйымлары системасын, сондай-ақ республиканың аймағында жайласқан Өзбекстан Республикасына бағыныўшы шөлкемлерди басқарады ҳәм олардың өз-ара байланыслы жумысларын тәмийинлейди.

Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасының Конституциясында, усы Нызамда ҳәм басқа нызамларда нәзерде тутылған басқа да ўәкилликлерди әмелге асырыўы мүмкин.

**9-статья. Министрлер Кеңесиниң экономика саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

экономика саласында бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўын ҳәм индустриал сиясаттың алып барылыўын тәмийинлейди;

турақлы экономикалық өсиўди, макроэкономикалық тең салмақлықты тәмийинлеў, экономиканы реформалаў ҳәм структуралық өзгертиў, миллий экономиканы диверсификациялаў ҳәм де оның бәсекиге шыдамлылығын асырыў бойынша илажлар көреди;

экономиканы басқарыўда базар механизмлериниң енгизилиўин ҳәм оның тийкарғы тармақларын раўажландырыў стратегияларының қәлиплесиўин тәмийинлейди;

санаатты модернизациялаў ҳәм диверсификациялаўда, жоқары технологиялық қайта ислеў тармақларын жедел раўажландырыўды, инновациялық исленбелерди ҳәм энергия үнемлеўши технологияларды өндириске кең енгизиўди, қайта тиклениўши энергия дереклеринен пайдаланыўды кеңейтиўди тәмийинлейди;

экономика тармақларын стратегиялық жақтан раўажландырыў бойынша республикалық бағдарламаларды, республиканы раўажландырыў бойынша бағдарламаларды ислеп шығады ҳәм олардың әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

туризм индустриясын раўажландырыў ҳәм туризм инфраструктурасын кеңейтиў ушын шараятлар жаратады;

еркин экономикалық зоналар, технопарклер, киши санаат зоналары жумысын муўапықластырыўды ҳәм мониторинг жүргизиўди әмелге асырады, олардың жумысы нәтийжелилигин асырыў илажларын көреди;

мәмлекетлик басқарыў усылларын, соның ишинде электрон ҳүкимет принциплери тийкарында да жетилистиреди, базар принциплерине тийкарланған хожалық басқарыў ҳәм корпоратив басқарыўдың заманагөй принциплери ҳәм усыллары енгизилиўин хошаметлейди;

аўыл хожалығын басқарыў системасын жетилистириў, аграр секторды модернизациялаў ҳәм де жедел раўажландырыў, азық-аўқат қәўипсизлигин тәмийинлеў, ресурсларды үнемлеўши ҳәм интенсив заманагөй агротехнологияларды енгизиў, жер ресурслары сапасын жақсылаў ҳәм де суў ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланыў илажларын көреди;

урбанизация процесслериниң мәмлекет тәрепинен тәртипке салыныўын ҳәм мәмлекеттиң турақ-жай сиясатының әмелге асырылыўын, жер участкаларына байланыслы заманагөй базар механизмлериниң енгизилиўин тәмийинлейди;

еркин исбилерменликти раўажландырыўға, исбилерменлик орталығын жақсылаў, жасырын экономика үлесин кемейтиў, экономикалық процесслерде мәмлекеттиң қатнасыўын оптималластырыў ҳәм де мәмлекетлик-жеке шерикликти раўажландырыў арқалы шараятлар жаратады;

исбилерменлер, сондай-ақ сырт ел инвесторларының мүрәжатлары менен ислесиў, олар менен ашық ҳәм туўрыдан-туўры байланысты тәмийинлеў бойынша нәтийжели системаны енгизиў илажларын көреди.

**10-статья. Министрлер Кеңесиниң бюджет ҳәм финанс сиясатын әмелге асырыў саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

бюджет, финанс, пул-кредит сиясаты саласында бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

Қарақалпақстан Республикасының республика бюджети ҳәм мақсетли мәмлекетлик фондлары бюджетлери, оның экономикалық ҳәм социаллық раўажландырыў прогнозларын есапқа алған ҳалда ең әҳмийетли бағдарламалардың ислеп шығылыўын ҳәм орынланыўын шөлкемлестиреди;

қәрежетлердиң социаллық бағдарланғанлығын сақлап қалған ҳалда Қарақалпақстан Республикасы бюджетиниң барлық дәрежелеринде тәмийинлеў, жергиликли бюджетлердиң дәрамат бөлегин беккемлеў илажларын әмелге асырады;

Жоқарғы Кеңес Президиумының қарары менен нәтийжели фискал сиясат алып барады, салық салыў системасын әпиўайыластырыў, салық ҳәкимшилиги системасының сапасы ҳәм нәтийжелилигин асырыў илажларын көреди;

пул ҳәм кредит системасын беккемлеў, банк ҳәм басқа финанс институтларының турақлылығын тәмийинлеў бойынша ис-илажларды әмелге асырыўға көмеклеседи.

**11-статья. Министрлер Кеңесиниң социаллық саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

социаллық тараўда бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

билимлендириў системасын раўажландырыўды, оның сапасы ҳәм нәтийжели әмелге асырылыўын, үзликсиз билимлендириўден пайдаланыў ушын шараятлар жаратылыўын тәмийинлейди;

мектепке шекемги билимлендириў системасын жетилистириў, мектепке шекемги билимлендириў шөлкемлери тармағын кеңейтиў ҳәм олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў илажлар көреди;

илимий-изертлеў ҳәм инновциялық хызметти раўажландырыўдың баслы бағдарларын орынлаў бойынша ис-илажларды әмелге асырады;

денсаўлықты сақлаў системасын раўажландырыў, медициналық хызмет көрсетиў дәрежесин ҳәм ашық-айдынлығын асырыў, халықтың денсаўлығын сақлаў ҳәм беккемлеў, саламат турмыс тәризи принциплерин енгизиў, сондай-ақ санитария-эпидемиологиялық тазалықты тәмийинлеў бойынша илажларды әмелге асырады;

дене тәрбиясы ҳәм спортты раўажландырыў, спорт мәкемелериниң материаллық-техникалық базасын беккемлеў ҳәм де спорт инфраструктурасын жетилистириўде көмеклеседи;

жумыс орынларын шөлкемлестириў ҳәм халықтың бәнтлигин тәмийинлеў бағдарламаларын ислеп шығады ҳәм де әмелге асырады, мийнет базары инфраструктурасының раўажландырылыўын, пуқараларды социаллық қорғаў, олардың социаллық ҳәм пенсия тәмийнаты системаларының жумыс алып барыўын тәмийинлейди;

шаңарақ, аналық ҳәм балалықты қорғаўға көмеклеседи, жасларға тийисли мәмлекетлик сиясатты әмелге асырыў бойынша ис-илажлар көреди;

социаллық жәрдем көрсетиў бойынша республикалық бағдарламалардың ислеп шығылыўы ҳәм орынланыўын тәмийинлейди, пуқаралардың ҳақыйқый дәраматларын асырыў, халықтың турақ-жай шараятларын жақсылаў ҳәм де халықтың социаллық мүтәж қатламларын, сондай-ақ майыплығы болған шахсларды мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатлаў илажларын көреди.

**12-статья. Министрлер Кеңесиниң мәдений-гуманитар саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

мәдений-гуманитар салада бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўына көмеклеседи;

илимий-техникалық ҳәм мәдений бирге ислесиў саласында басшылықты әмелге асырады;

мәдeният ҳәм көркем өнерди раўажландырыўға, мәдений қәдириятлардан кең көлемде пайдаланыўды тәмийинлеўге, пуқаралардың социаллық ҳәм мәдений турмыста толық ҳуқықлы түрде қатнасыўына көмеклеседи;

театр-тамашалық, мәдений-ағартыўшылық шөлкемлер ҳәм де музейлер жумысын раўажландырыў ҳәм жетилистириў, олардың материаллық-техникалық базасын беккемлеў илажларын көреди;

тарийхый ҳәм мәдений мийраслардың қорғалыўын, республиканың пүткил аймағында социаллық турмыстың барлық тараўларында мәмлекетлик тилдиң ҳәр тәреплеме раўажландырылыўын ҳәм де әмел етиўин тәмийинлейди;

сырт еллер ҳәм халықаралық шөлкемлер менен мәдений-гуманитар байланысларды кеңейтиў ҳәм де раўажландырыў илажларын көреди.

**13-статья. Министрлер Кеңесиниң Қарақалпақстан Республикасы аймақларын раўажландырыў саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

аймақлардың экономикасын модернизациялаў ҳәм диверсификациялаў, олардың санаат ҳәм де экспорт потенциалын асырыў арқалы аймақларды социаллық-экономикалық тәрептен комплекс ҳәм пропорционал түрде раўажландырыўды тәмийинлейди;

экономика тармақларын ҳәм социаллық тараўды стратегиялық тәрептен раўажландырыўдың бағдарламаларын,сондай-ақ аймақларда экономикалық, социаллық ҳәм басқарыў реформаларын әмелге асырыў илажларын көреди;

Қарақалпақстан Республикасы республика бюджетиниң, жергиликли бюджетлериниң мақсетли орынланыўын тәмийинлейди;

аймақларды, биринши гезекте экономикалық ҳәм социаллық раўажланыўда артта қалып атырған аўыл, қала ҳәм районларды раўажландырыўдың келешек ўазыйпаларын нәтийжели шешиў бойынша мәмлекетлик басқарыў ҳәм жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларының муўапықластырылған жумысын тәмийинлеў илажларын көреди;

аймақларды комплексли раўажландырыўға, сондай-ақ экономика тармақлары ҳәм тараўларында базар реформаларын тереңлестириўге, аймақларда халықтың бәнтлигин ҳәм турмыс дәрежесин үзликсиз асырып барылыўын тәмийинлеўге байланыслы реформалардың әмелге асырылыў барысын мониторинг тийкарында аймақларды социаллық-экономикалық раўажландырыў принциплериниң комплексли анализин өткереди;

сырт ел инвестицияларын тартыў ҳәм аймақлардың экспорт потенциалын асырыў илажларын көреди, республиканы раўажландырыўдың стратегиялық мақсетлеринен ҳәм оның экономикалық қәўипсизлигинен келип шыққан ҳалда, аймақлардың инвестициялық тартымлылығын еле де жақсылаў бойынша усыныслар ислеп шығады;

аймақларды социаллық-экономикалық раўажландырыў мәселелери бойынша Өзбекстан Республикасы Президенти пәрманлары, қарарлары, бийликлери ҳәм тапсырмаларының, Министрлер Кабинетиниң қарарлары, бийликлери, баянлама шешимлерин ҳәм тапсырмаларын, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумы қарарларын, Жоқарғы Кеңес Баслығының бийликлерин ҳәм тапсырмаларының орынланыўы барысын мақсетли үйрениўди әмелге асырады;

аймақлардың экономикалық турақлылығын тәмийинлеўши ең әҳмийетли баслы бағдарлар, экономиканың анық тармақлары ҳәм тараўындағы реформаларды еле де тереңлестириў, аймақлардың экономикалық потенциалын

асырыў бойынша усынислар ислеп шығады.

**14-статья. Министрлер Кеңесиниң экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

экология ҳәм қоршаған орталықты қорғаў ҳәм де экологиялық қәўипсизликти тәмийинлеў саласында бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўында көмеклеседи;

пуқаралардың қолайлы қоршаған орталыққа болған ҳуқықларын әмелге асырыў, экологиялық тазалықты тәмийинлеў илажларын көреди;

тәбиий ресурсларды қорғаў, олардан ақылға муўапық пайдаланыў ҳәм де тәбияттан пайдаланыўды тәртипке салыў бойынша ис-илажларды көреди;

тәбиятты қорғаў илажларын өткериў, республикалық ҳәм халықаралық әҳмийетке ийе ири экологиялық бағдарламаларды жүзеге шығарыўда бойынша ис-илажлар әмелге асырады;

ири авариялар ҳәм апатшылықлардың алдын алыў ҳәм олардың ақыбетлерин сапластырыў бойынша илажларын көреди.

**15-статья. Министрлер Кеңесиниң инвестициялар ҳәм сыртқы экономикалық жумыс тараўындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

инвестициялар ҳәм сыртқы экономикалық қатнасықларда бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўына көмеклеседи;

қолайлы инвестиция орталығын жаратыў ҳәм сырт ел инвестицияларын тартыў бойынша ис-илажларды әмелге асырыўда көмеклеседи;

экспорт етиўшилерди ҳәр тәреплеме қоллап-қуўатлайды, жергиликли товарлар ҳәм хызметлердиң сыртқы базарларға шығыўы ушын қолай шараятлар жаратады, заманагөй логистика инфраструктурасын раўажландырыў бойынша илажлар көреди;

Қарақалпақстанның саўда, экономикалық, технологиялық, транспорт ҳәм басқа да байланысларын кеңейтиў, экономиканың турақлылығын беккемлеў ҳәм экономикалық қәўипсизликти тәмийинлеў илажларын көреди.

**16-статья. Министрлер Кеңесиниң мәлимлеме технологияларын ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў тараўындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

мәлимлеме технологияларын ҳәм коммуникацияларын раўажландырыў тараўында бирден-бир мәмлекетлик сиясаттың әмелге асырылыўына көмеклеседи;

мәлимлеме-хабар жәмийетин қәлиплестириў, санлы экономиканы раўажландырыў, «Электрон ҳүкимет» системасының енгизилиўин тәмийинлеў, халық, бизнес ҳәм мәмлекет арасында бирге ислесиўди нәтийжели тәртипке салыў ушын зәрүр шәрт-шараятлар жаратады.

**17-статья. Министрлер Кеңесиниң жәмийетлик тәртипти сақлаў, мәмлекетлик қәўипсизликти ҳәм қорғаныў қәбилетин тәмийинлеў саласындағы ўәкилликлери**

Министрлер Кеңеси:

мәмлекет қәўипсизлиги ҳәм қорғаныў қәбилетин тәмийинлеў, мәмлекет мәплерин қорғаў, жәмийетлик тәртипти сақлаў бойынша ис-илажларды әмелге асырыўға көмеклеседи;

ҳуқықбузарлықлар профилактикасына тийисли мәмлекетлик бағдарламалардың ислеп шығылыўын, тастыйықланыўын ҳәм әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

ҳуқықбузарлықлар профилактикасын тиккелей әмелге асырыўшы ҳәм онда қатнасыўшы мәмлекетлик уйымлар ҳәм басқа шөлкемлердиң бирге ислесиўин

тәмийинлейди.

**18-статья. Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларына басшылық етиў**

Министрлер Кеңеси министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысын муўапықластырады ҳәм де бағдарлайды.

Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары өзлери алып барып атырған мәмлекетлик сиясаттың сапалы ҳәм нәтийжели әмелге асырылыўы ушын Министрлер Кеңеси алдында жууапкер болып табылады.

Министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, басқа да мәмлекетлик ҳәм басқарыў уйымлары ҳаққындағы режелер ҳәрекеттеги нызамшылыққа муўапық Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланады.

Министрлер Кеңеси зәрүрликтен келип шығып министрликлердиң, мәмлекетлик комитетлердиң ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларының аймақлық аппараты хызметкерлер санын ҳәм оларды сақлаў ушын қаржылардың муғдарын белгилейди.

Министрлер, мәмлекетлик комитетлер баслықлары ҳәм басқа мәмлекетлик басқарыў уйымлары басшылары Министрлер Кеңесине киргизилип атырған усыныслар, аналитикалық ҳәм де тағы басқа да ҳүжжетлердиң, соның ишинде нормативлик ҳуқықый актлер жойбарларының сапалы ҳәм ҳәр тәреплеме ислеп шығылыўы, сондай-ақ оларды әмелге асырыўдың соңғы нәтийжелери ҳәм ақыбетлери ушын жеке жууапкер болады.

Министрлер Кеңеси Жоқарғы Кеңеске, ал сессиялар аралығындағы дәўирде Жоқарғы Кеңес Президиумына министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларын дүзиў ҳәм сапластырыў ҳаққында усыныслар береди.

Министрлер ҳәм мәмлекетлик комитетлер баслықларының орынбасарлары, бас басқармалар, басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларының басшылары ҳәм олардың орынбасарлары, егер нызамшылықта басқа қағыйда нәзерде тутылмаған болса, Министрлер Кеңеси тәрепинен лаўазымға тайынланады ҳәм лаўазымнан босатылады.

Министрлер Кеңеси мақсетли ўазыйпалардың орынланыўын министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысының нәтийжелилигин ҳәм де мақсетли ўазыйпалардың орынланыўын баҳалаўдың тийкарғы көрсеткишлерин есапқа алған ҳалда тәмийинлейди.

Министрлер Кеңеси министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа мәмлекетлик басқарыў уйымлары басшыларының тийкарғы көрсеткишлерде белгиленген мақсетли ўазыйпалардың орынланыўы ҳәм де оларға ерисилиўи ҳаққындағы есабатларын системалы түрде тыңлайды.

Министрлер Кеңеси зәрүр болғанда мәмлекетлик басқарыўдың өз ўәкиллигине киретуғын айырым мәселелерин шешиўди, егер бул мәселелердиң шешилиўи нызамшылықта Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң айрықша ўәкилликлерине киргизилмеген болса, министрликлерге, мәмлекетлик комитетлерге ҳәм өз бойсыныўындағы басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларына бериўи мүмкин.

**19-статья. Министрлер Кеңесиниң нызамшылық басламасы ҳуқықы**

Министрлер Кеңеси нызамшылық басламасы ҳуқықына ийе.

Министрлер Кеңеси нызамшылық басламасы ҳуқықын нызам жойбарларын Жоқарғы Кеңеске киргизиў арқалы әмелге асырады.

Министрлер Кеңеси өзи киргизген нызам жойбарын Жоқарғы Кеңесте қарап шығыўда қатнасыў ушын өз ўәкиллерин тайынлаўы мүмкин.

## 4-бап. Министрлер Кеңесиниң жумысын шөлкемлестириў

**20-статья. Министрлер Кеңесиниң Баслығы**

Министрлер Кеңесиниң Баслығы:

Министрлер Кеңесиниң жумысын шөлкемлестиреди ҳәм оған басшылық етеди, оның нәтийжели ислеўи ушын жеке жуўапкер болады;

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети алдына қойылған мақсетли ўазыйпалардың орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары хызметин улыўмалық тәризде муўапықластырыўды әмелге асырады, жүзеге келген келиспеўшиликлер бойынша қарарлар қабыл етеди;

Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумының мәжилислерине басшылық етеди, оның қарарларына қол қояды;

халықаралық қатнасықларда Жоқарғы Кеңестиң келисими менен Министрлер Кеңеси атынан ис көреди, сөйлесиўлер алып барады ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети атынан халықаралық шәртнамаларға қол қояды;

Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары арасында ўазыйпаларды бөлистиреди ҳәм кейин ала оны Министрлер Кеңесиниң Президиумында тастыйықлайды;

Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумының мәжилисинде қарап шығыўды талап етпейтуғын мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыўының айырым мәселелери бойынша қарарлар қабыл етеди;

Жоқарғы Кеңес Баслығына район, қала ҳәкимлерин ҳәм олардың орынбасарларын тайынлаў ҳәм лаўазымынан босатыў ҳаққында усынислар береди;

Министрлер Кеңесиниң өткен жылдағы социаллық-экономикалық раўажланыў жуўмақлары ҳәм келеси жыл ушын тийкарғы баслы бағдарлар ҳаққындағы ҳәр жылғы баянатын Жоқарғы Кеңеске усынады;

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети ағзалары менен биргеликте ҳәр ярым жылда Жоқарғы Кеңеске Өзбекстан Республикасы Президентиниң Олий Мажлиске жоллаған Мүрәжатынан келип шыққан ҳалда, тийисли жылға белгиленген мәмлекетлик бағдарламаның Қарақалпақстан Республикасы бойынша орынланыўы ҳаққында есабатын усынады;

Қарақалпақстан Республикасы нызамларында нәзерде тутылған басқа да ўәкилликлерди әмелге асырады.

Министрлер Кеңеси Баслығы атқарыў тәртибиниң улыўмаластырылған анализи тийкарында:

өз ўәкилликлери шеңберинде интизамий жаза шарасын қоллаў ҳаққында қарар қабыл етеди;

Жоқарғы Кеңес тәрепинен лаўазымға тайынланатуғын лаўазымлы шахсқа жол қойылған айыплы ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) ушын интизамий жаза шараларын қоллаў ҳаққында Жоқарғы Кеңес Баслығына усыныс киргизеди.

Министрлер Кеңеси Баслығы өз ўәкилликлерине киретуғын мәселелер бойынша бийликлер шығарады.

Министрлер Кеңеси Баслығы Қарақалпақстан Республикасы Пуқаралық қорғаныў баслығы сыпатында өзине тийисли ўәкилликлерди әмелге асырады.

Министрлер Кеңеси Баслығы Министрлер Кеңесиниң жумысы ҳаққында Жоқарғы Кеңес Баслығына турақлы рәўиште мәлимлеме береди.

Министрлер Кеңеси Баслығы жоқлығында оның ўазыйпасын оның биринши орынбасары ямаса орынбасарларынан бири атқарып турады.

**21-статья. Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары**

Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ўазыйпаларының бөлистирилиўине муўапық:

министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары тәрепинен Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамлары, Олий Мажлис палаталары қарарлары, Нызамшылық палатасы депутатының ҳәм Сенат ағзасының сораўы, Өзбекстан Республикасы Президентиниң актлери ҳәм тапсырмаларының, Министрлер Кабинетиниң актлери, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумының актлери, парламент сораўы, Жоқарғы Кеңес депутатының сораўы, Жоқарғы Кеңес Баслығының тапсырмалары, Министрлер Кеңеси Баслығының тапсырмаларының орынланыўы бойынша мониторингин әмелге асырады;

орынларда жумыслардың ҳақыйқый жағдайын үйренеди, сондай-ақ экономикадағы ҳәм социаллық тараўдағы машқалаларды ҳәр тәреплеме анализлейди;

стратегиялық ҳәм баслы ўазыйпаларды әмелге асырыў бойынша комплексли усыныслар ислеп шығады;

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети ҳәм мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысының нәтийжелилигин жетилистириў тараўындағы комплексли ис-илажлардың әмелге асырылыўын тәмийинлейди;

атқарыўшы ҳәкимият уйымлары ҳәм олардың басшыларының жумысын баҳалаў системасын муўапықластырады;

Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы нызамлары, Олий Мажлис палаталары қарарлары, Өзбекстан Республикасы Президентин актлери ҳәм тапсырмалары, Министрлер Кабинети актлери, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумы қарарлары, Министрлер Кеңеси актлериниң сапалы ҳәм өз ўақтында орынланыўы бойынша өз ўәкилликлери шеңберинде илажлар көреди;

нызамшылықта нәзерде тутылған басқа да ўәкилликлерди атқарады.

Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары өзине жүклетилген ўазыйпалардың нәтийжелери бойынша жеке жуўапкер болып есапланады.

**22-статья. Министрлер Кеңеси Баслығының мәсләҳәтшилери**

Министрлер Кеңеси Баслығының мәсләҳәтшилери ўазыйпалар бөлистирилиўине муўапық:

өз ўәкиллигине киргизилген тийисли бағдарлар ҳәм мәселелер бойынша Министрлер Кеңеси Баслығына усынислар ислеп шығылыўын, олардың экспертизадан өткерилиўин ҳәм таярланыўын тәмийинлейди, сондай-ақ оның ушын жеке жуўапкер болады;

Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасының нызамлары, Олий Мажлис палаталарының қарарлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң актлери ҳәм тапсырмалары, Министрлер Кабинетиниң актлери, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумының қарарлары, Жоқарғы Кеңес Баслығының тапсырмалары, Министрлер Кеңеси Баслығының тапсырмалары, Министрлер Кеңесиниң актлери сапалы ҳәм өз ўақтында орынланыўы бойынша өз ўәкилликлери шеңберинде илажлар көреди;

өз ўәкилликлери шеңберинде министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да шөлкемлер жумысын улыўма тәризде муўапықластырыўды әмелге асырады;

нызамшылықта нәзерде тутылған басқа да ўазыйпаларды атқарады.

Министрлер Кеңеси Баслығының мәсләҳәтшилери тийисли тәртипте жоқары турыўшы уйымлар менен келисилген ҳалда Министрлер Кеңеси Баслығы тәрепинен лаўазымға тайынланады ҳәм босатылады.

**23-статья. Министрлер Кеңеси ағзалары**

Министрлер Кеңеси ағзалары:

Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилислеринде мәселелерди қарап шығыўда қатнасады, сондай-ақ Министрлер Кеңеси мәжилислериниң күн тәртиби бойынша усынислар киргизеди;

Министрлер Кеңеси қарап шығыўы ушын мәселелер таярлаўды әмелге асырады;

Министрлер Кеңесиниң ўәкиллигине киретуғын мәселелерди қарап шығыў бойынша Министрлер Кеңесине усыныслар киргизеди;

нормативлик ҳуқықый актлер жойбарларын ислеп шығыў басламасы менен шығады;

тийисли министрликлердиң, мәмлекетлик комитетлердиң ямаса басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларының жумысын шөлкемлестиреди ҳәм муўапықластырады;

Министрлер Кеңеси тәрепинен шөлкемлестирилетуғын Министрлер Кеңесиниң комиссиялары ҳәм басқа исши уйымларына Министрлер Кеңесиниң қарарына муўапық басшылықты әмелге асырады.

Министрлер Кеңеси ағзалары өзи басшылық етип атырған министрликтиң, мәмлекетлик комитеттиң ямаса басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымының жумысы нәтийжелилиги ушын жеке жуўапкер болады.

Министрлер Кеңеси ағзалары илимий ҳәм педагогикалық жумыстан тысқары ис ҳақы төленетуғын басқа түрдеги жумыс пенен шуғылланыўы мүмкин емес.

**24-статья. Министрлер Кеңесиниң коллегиал уйымлары**

Министрлер Кеңеси белгиленген тәртипте турақлы комиссиялар дүзеди ҳәм олардың ўазыйпаларын, функцияларын ҳәм де жумысын шөлкемлестириў тәртибин белгилейди.

Мәмлекетлик ҳәм хожалық басқарыўының айырым мәселелери бойынша усыныслар таярлаў, Министрлер Кеңесиниң қарарлары жойбарларын ислеп шығыў, сондай-ақ Министрлер Кеңесиниң айырым тапсырмаларын орынлаў ушын Министрлер Кеңесиниң ўақытша комиссиялары ҳәм басқа исши уйымлары дүзилиўи мүмкин.

**25-статья. Министрлер Кеңесине мәселелерди киргизиў ҳәм қарап шығыў**

Министрлер Кеңесине қарап шығыў ушын:

Қарақалпақстан Республикасы нызамларының жойбарларын нызамшылық басламасы тәртибинде Жоқарғы Кеңеске киргизиў ушын;

Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумының қарарлары жойбарларын Жоқарғы Кеңеске киргизиў ушын;

Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм бийликлери жойбарларын қабыллаў ушын;

лаўазымлы шахслардың айырым категорияларының сырт ел мәмлекетлерине хызмет сапарларына шығыўы ҳаққындағы, Министрлер Кеңеси менен белгиленген тәртипте арнаўлы келисиўди талап ететуғын усыныслар киргизиледи.

Министрлер Кеңесинде оның ўәкилликлерине киретуғын мәселелерди қарап шығыў Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилислеринде, Министрлер Кеңеси Баслығы, оның орынбасарлары ҳәм мәсләҳәтшилери тәрепинен Министрлер Кеңеси шөлкемлестиретуғын комиссиялардың ҳәм басқа да ведомстволарарлық коллегиал уйымлардың мәжилислеринде мәпдар мәмлекетлик уйымлардың ҳәм басқа да шөлкемлердиң ўәкиллери қатнасында әмелге асырылады.

Министрлер Кеңесине қарап шығыў ушын Карақалпақстан Республикасы Конституциясы, усы Нызам ҳәм басқа да нызамларда белгиленген мәселелерде киргизиледи.

Республикада әҳмийетли экономикалық, социаллық ҳәм мәдений мәселелерди шешиў ушын Министрлер Кеңесиниң комплексли ямаса мақсетли бағдарламалары ҳәм илажлары ислеп шығылып, олар Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм мәсләҳәтшилери тәрепинен Министрлер Кеңесине қарап шығыў ушын киргизиледи.

Министрлер Кеңесине қарап шығыў ушын мәселелер Министрлер Кеңеси ағзалары, мәмлекетлик басқарыў уйымлары басшылары, район, қала ҳәкимлери, айырым жағдайларда болса олардың биринши орынбасарлары тәрепинен киргизилиўи мүмкин.

**26-статья. Министрлер Кеңесиниң Аппараты**

Министрлер Кеңесиниң ҳәм оның Президиумының мәжилислерин, тийисли шешимлериниң жойбарларын, мәлимлеме-аналитикалық ҳәм басқа да материалларды таярлаўда, сондай-ақ Министрлер Кеңеси Баслығының Секретариаты, Министрлер Кеңеси Баслығы орынбасарларының Секретариатлары ҳәм функционал бөлимлердиң жумысларын муўапықластырып барыўды тәмийинлеў, олардың жумысларының нәтийжелилигин арттырыў ҳәм атқарыў тәртибин беккемлеў ушын Министрлер Кеңесиниң аппараты дүзиледи.

Министрлер Кеңесиниң аппаратына аппарат басқарыўшысы басшылық етеди.

Министрлер Кеңеси аппаратының жумыс тәртиби Министрлер Кеңеси тәрепинен тастыйықланатуғын Режеге муўапық белгиленеди.

**27-статья. Министрлер Кеңесиниң мәжилислери**

Мәмлекетлик басқарыў, хожалық, социаллық ҳәм мәдений раўажландырыўдың ең әҳмийетли мәселелери Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде қарап шығылады.

Министрлер Кеңесиниң мәжилислери ҳәр шеректе кеминде бир мәрте өткериледи.

Министрлер Кеңеси мәжилислерин Министрлер Кеңеси Баслығы өткереди.

Жоқарғы Кеңес Баслығы Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде басшылық етиўге ҳақылы.

Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасарлары ҳәм мәсләҳәтшилери, министрлер, мәмлекетлик комитетлердиң басшылары, зәрүрлиги болғанда район, қала ҳәкимлери ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары басшылары қатнасады.

Министрлер Кеңесиниң мәжилислерине зәрүр болғанда Жоқарғы Кеңес Баслығының орынбасары, Жоқарғы Кеңес комитетлериниң баслықлары, Қарақалпақстан Республикасы Конституциялық бақлаў комитетиниң баслығы ҳәм ҳуқық қорғаў уйымлары басшылары мирәт етилиўи мүмкин.

Министрлер Кеңесиниң мәжилислерин ғалаба хабар қуралларында жәриялаў мақсетинде ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа

институтлары ўәкиллери де мирәт етилиўи мүмкин.

**28-статья. Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде қарап шығылатуғын мәселелер**

Төмендеги мәселелер Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде қарап шығылады:

Қарақалпақстан Республикасы республика бюджети жойбарын ислеп шығыў, бюджетти орынлаў, сондай-ақ Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң бийлигиндеги бюджеттен тыс мәмлекетлик қорларды дүзиў ҳәм пайдаланыў мәселелери;

басқарыў структурасын жетилистириў мәселелери, Қарақалпақстан Республикасын ҳәм оның айырым аймақларының экономикалық, социаллық ҳәм мәдений раўажландырыў бағдарламаларының жойбарлары;

мәмлекетлик баҳалы қағазлар менен байланыслы болған усыныслар;

Қарақалпақстан Республикасында салықлар ҳәм басқа мәжбүрий төлемлердиң ставкаларын нызамшылық актлеринде белгиленген муғдарлар шеңберинде белгилеў ҳәм де өзгертиў ҳаққындағы усыныслар;

қатаң белгиленген мәмлекетлик баҳалар қолланылатуғын өнимлердиң, товарлардың ҳәм хызметлердиң номенклатурасы;

Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде Жоқарғы Кеңес Баслығының тапсырмаларына ҳәм Министрлер Кеңеси Президиумының қарарларына муўапық басқа да мәселелерди қарап шығылады.

**29-статья. Министрлер Кеңесиниң мәжилислерине таярлық көриў ҳәм оларды өткериў**

Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде қарап шығыў ушын мәселелерди таярлаўды Министрлер Кеңесиниң аппараты әмелге асырады.

Зәрүрли жағдайда мәселелерди таярлаўды Министрлер Кеңеси ямаса оның Президиумы тәрепинен шөлкемлестирилетуғын комиссиялар әмелге асырады.

Министрлер Кеңесиниң мәжилисинде қарап шығыў ушын киргизилетуғын актлердиң жойбарлары Министрлер Кеңесиниң Регламенти талапларына муўапық таярланады.

Зәрүрли жағдайда анық тараўлар ҳәм бағдарларда әмелге асырылып атырған реформалардың барысын үйрениў мақсетинде Министрлер Кеңесиниң Баслығы тәрепинен мәмлекетлик басқарыў уйымлары басшылары, жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары, мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң ўәкиллери қатнасында аймақларда Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң көшпели мәжилислери өткерилиўи мүмкин.

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң көшпели мәжилислерин өткериў тәртиби Министрлер Кеңеси тәрепинен белгиленеди.

**30-статья. Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде қарарлар қабыл етиў**

Министрлер Кеңесиниң мәжилисинде қарап шығылатуғын мәселелер бойынша қарарлар Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети ағзаларының көпшилик даўысы менен қабыл етиледи.

Министрлер Кеңесиниң мәжилисинде қабыл етилген қарарлар баянлама түринде рәсмийлестириледи.

Министрлер Кеңеси мәжилисиниң баянламасы Министрлер Кеңесиниң Регламентинде белгиленген тәртипте Министрлер Кеңеси аппараты тәрепинен рәсмийлестириледи ҳәм тарқатылады.

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң баянлама қарарлары жойбарларын экспертизадан өткериў ҳәм есапқа алыў Министрлер Кеңесиниң Регламентине муўапық әмелге асырылады.

**5-бап. Министрлер Кеңесиниң Президиумы**

**31-статья. Министрлер Кеңесиниң Президиумы ҳәм қурамы**

Министрлер Кеңесиниң Президиумы Министрлер Кеңесиниң турақлы жумыс ислеўши уйымы болып табылады.

Министрлер Кеңесиниң Президиумы қурамына Министрлер Кеңеси Баслығы, оның орынбасарлары ҳәм мәсләҳәтшилери, министрлер, мәмлекетлик комитетлердиң басшылары киреди.

**32-статья. Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилислеринде қарап шығылатуғын мәселелер**

Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилислеринде:

Өзбекстан Республикасы Президентиниң тапсырмалары, Жоқарғы Кеңес Баслығының тапсырмалары орынланыўын шөлкемлестириў мәселелери;

Жоқарғы Кеңеске нызамшылық басламасы тәртибинде киргизилетуғын нызамлардың жойбарлары;

Министрлер Кеңесиниң ўәкиллигине киретуғын мәселелер қарап шығылады, усы Нызамға муўапық тек ғана Министрлер Кеңесиниң мәжилислеринде қарап шығылатуғын мәселелер буннан тысқары.

**33-статья. Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилислерин таярлаў ҳәм өткериў**

Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилисин шөлкемлестириўди ҳәм таярлаўды Министрлер Кеңесиниң аппараты әмелге асырады.

Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилислери ҳәр ҳәптеде Министрлер Кеңеси Баслығы тәрепинен, оның жоқлығында болса орынбасарларынан бири тәрепинен өткериледи.

Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилислеринде қарап шығыў ушын мәселелерди таярлаў тәртиби Министрлер Кеңесиниң Регламенти менен белгиленеди.

Министрлер Кеңеси Президиумының мәжилислеринде қабыл етилген қарарлар баянлама түринде рәсмийлестириледи ҳәм оларға басшылық етиўши тәрепинен қол қойылады.

## 6-бап. Министрлер Кеңесиниң актлери

### 34-статья. Министрлер Кеңеси актлериниң түрлери

Министрлер Кеңеси конституциялық нормалар шеңберинде ҳәм нызамшылыққа муўапық Қарақалпақстан Республикасының пүткил аймағында барлық уйымлардың, кәрханалардың, мәкемелердиң, шөлкемлердиң, лаўазымлы шахслардың ҳәм пуқаралардың орынлаўы ушын миннетли болған қарарлар қабыл етеди ҳәм бийликлер шығарады.

Министрлер Кеңесиниң қарарлары ҳәм бийликлерине Министрлер Кеңесиниң Баслығы тәрепинен  қол қойылады.

Министрлер Кеңеси қабыл етилген актлердиң орынланыўын қадағалаўды тиккелей өзи ямаса министрликлер, мәмлекетлик комитетлер, басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары арқалы әмелге асырады.

### 35-статья. Министрлер Кеңесиниң қарарлары

Министрлер Кеңесиниң нормативлик ҳуқықый формадағы актлери қарарлар түринде қабыл етиледи.

Министрлер Кеңесиниң қарарлары Өзбекстан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Конституциялары ҳәм нызамлары, Олий Мажлис палаталарының қарарлары, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлери, Министрлер Кабинетиниң қарарлары ҳәм бийликлери, Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумының қарарлары тийкарында ҳәм де оларды

орынлаў ушын қабыл етиледи.

Министрлер Кеңесиниң қарарлары, егер бул актлердиң өзинде басқа мүддет көрсетилмеген болса, рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

Министрлер Кеңесиниң нормативлик ҳуқықый формаға ийе қарарлары «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» ҳәм «Qoraqalpogʻiston tongi» газеталарында, «Өзбекстан Республикасы нызамшылық мағлыўматлар миллий базасы» ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң рәсмий веб-сайтында жәрияланады, зәрүр жағдайда басқа да ғалаба хабар қураллары арқалы көпшиликтиң дыққатына жеткериледи.

**36-статья. Министрлер Кеңесиниң бийликлери**

Министрлер Кеңесиниң тез шешилиўи зәрүр болған ҳәм басқа да күнделикли мәселелер бойынша актлери Министрлер Кеңесиниң бийликлери түринде қабыл етиледи.

Министрлер Кеңесиниң бийликлери, егер бул актлерде басқа қағыйда нәзерде тутылмаса, қол қойылған күннен баслап күшке киреди.

**7-бап. Министрлер Кеңесиниң Жоқарғы Кеңес ҳәм оның Президиумы, Конституциялық бақлаў комитети, ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм күш ислетиўге ўәкилликли болған структуралар, басқа да мәмлекетлик уйымлар ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлер менен қатнасықлары**

**37-статья. Министрлер Кеңесиниң Жоқарғы Кеңес пенен қатнасықлары**

Жаңадан дүзилген Министрлер Кеңеси өз ўәкилликлери дәўиринде жумыс бағдарламасын Жоқарғы Кеңестиң қарап шығыўына усынады.

Министрлер Кеңеси Қарақалпақстан Республикасының экономикалық, социаллық раўажланыўының тийкарғы бағдарларын, Қарақалпақстан Республикасы бюджетиниң тийкарғы көрсеткишлерин ислеп шығады ҳәм оған өзгерислер киргизеди, оны Жоқарғы Кеңестиң тастыйықлаўына усынады.

Министрлер Кеңеси Жоқарғы Кеңеске ҳәр жылы Қарақалпақстан Республиканың социаллық-экономикалық турмыстың ең әҳмийетли мәселелери бойынша баянатлар усынады.

Министрлер Кеңеси Баслығы Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети ағзалары менен биргеликте ҳәр алты айда Жоқарғы Кеңеске

Өзбекстан Республикасы Президентиниң Олий Мажлиске жоллаған Мүрәжатынан келип шығатуғын, тийисли жылға мөлшерленген мәмлекетлик бағдарламаның Қарақалпақтан Республикасында орынланыўы ҳаққында есабатын усынады.

Жоқарғы Кеңес зәрүр жағдайларда өз сессиясында Министрлер Кеңеси Баслығының Қарақалпақстан Республикасын социаллық-экономикалық раўажландырыўдың айырым әҳмийетли мәселелери бойынша есабатын нызамға муўапық парламент сораўы тәртибинде тыңлаўы мүмкин.

Министрлер Кеңесиниң жумысы қанаатландырарсызлық деп табылған жағдайда Жоқарғы Кеңес Министрлер Кеңесиниң қурамын өзгертиў ҳаққында мәселе қояды.

Зәрүр болған жағдайда Министрлер Кеңесиниң айырым ағзаларының есабаты Жоқарғы Кеңеси ҳәм оның Президиумы тәрепинен тыңлаўы мүмкин.

Министрлер Кеңесиниң ағзалары Жоқарғы Кеңес сессиясы ҳәм оның Президиумының мәжилислерине, сондай-ақ оның комитетлери менен комиссияларының мәжилислерине қатнасыўға ҳәм сөзге шығыўы мүмкин.

Жоқарғы Кеңес депутатлары тәрепинен Министрлер Кеңесиниң ямаса оның айырым ағзаларының жумысына байланыслы мәселелер қойылған жағдайда Министрлер Кеңесиниң Баслығы усы мәселелер бойынша зәрүр түсиниклер алыўға ҳәм түсиниклер бериўге ҳақылы.

Министрлер Кеңеси Жоқарғы Кеңес комитетлери ҳәм комиссияларының Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети жумысына байланыслы мәселелер бойынша усынысларын қарап шығады ҳәм олар бойынша илажлар көреди. Министрлер Кеңеси исленген илажлар ҳаққында Жоқарғы Кеңестиң тийисли комитетлерине келисилген мүддетте хабарлайды.

Жоқарғы Кеңестиң Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкимети яки оған бойсыныўшы мәмлекетлик басқарыў уйымлары жумысына тийисли болған парламент сораўына, Жоқарғы Кеңес депутатының жиберилген сораўына Министрлер Кеңеси яки оның ағзасы нызамда белгиленген тәртипте ҳәм мүддетлерде жуўап бериўи шәрт.

**38-статья. Министрлер Кеңесиниң Конституциялық бақлаў комитети менен қатнасықлары**

Конституциялық бақлаў комитети Министрлер Кеңеси актлериниң Қарақалпақстан Республикасы Конституциясына муўапықлығын анықлайды.

Конституциялық бақлаў комитетиниң мәжилисинде Министрлер Кеңеси Баслығы қатнасыўға ҳәм барлық қаралған мәселелер бойынша өз пикирин билдириўге ҳақылы.

**39-статья. Министрлер Кеңесиниң ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм күш ислетиў ўәкиллигине ийе болған структуралар менен қатнасықлары**

Министрлер Кеңеси өз ўәкилликлерин нәтийжели әмелге асырыў мақсетинде ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм күш ислетиў ўәкиллигине ийе болған структуралар менен бирге ислеседи.

Ҳуқық қорғаў уйымлары ҳәм күш ислетиў ўәкиллигине ийе болған структуралар басшылары усы уйымлар ҳәм де структуралардың жумысына тийисли мәселелер бойынша Министрлер Кеңесиниң ҳәм оның Президиумының мәжилислеринде қатнасыўы мүмкин.

**40-статья. Министрлер Кеңесиниң жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары менен қатнасықлары**

Министрлер Кеңеси өз ўәкилликлери шеңберинде:

аймақлардың экономикалық, социаллық ҳәм мәдений раўажланыўын тәмийинлеўге байланыслы мәселелерди жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларының жумысына басшылықты әмелге асырады;

Министрлер Кеңесиниң шешимин талап ететуғын мәселелер бойынша қала ҳәм район ҳәкимлериниң усынысларын қарап шығады. Министрлер Кеңеси актлериниң орынланыўын қадағалайды, жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымлары басшыларын мирәт етиўге ҳәм де усы актлердиң әмелге асырылыўының барысы ҳаққындағы есабатларын тыңлайды;

министрликлер, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымларының қала ҳәм район ҳәкимлери менен бирге ислесиўин тәмийинлейди, бунда пайда болған тартыслы мәселелерди шешеди;

аймақларды экономикалық ҳәм социаллық жақтан раўажландырыўдың тийкарғы көрсеткишлерин тастыйықлайды, жергиликли атқарыўшы ҳәкимият аппараты хызметкерлериниң санын ҳәм үлги дүзилисин белгилейди;

қала ҳәм район ҳәкимлериниң нызамшылыққа қайшы болған қарарларын тоқтатып турыўға ҳәм бийкар етиўге ҳақылы (физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүлкине байланыслы болған қарарлары буннан тысқары).

**41-статья. Министрлер Кеңесиниң мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, сиясий партиялар ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа институтлары менен қатнасықлары**

Министрлер Кеңеси өзиниң ўәкиллигине киретуғын мәселелер бойынша мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, сиясий партиялар ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтлары менен бирге ислеседи, нызамшылыққа муўапық зәрүр жәрдем көрсетеди.

Министрлер Кеңеси өз ўәкиллигине тийисли мәселелер бойынша мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлердиң, сиясий партиялардың ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының усынысларын қарап шығады.

## 8-Бап. Министрлер Кеңесиниң Министрлер Кабинети менен қатнасықлары

### 42-статья. Министрлер Кеңесиниң Министрлер Кабинети менен қатнасықлары

Министрлер Кеңесиниң Министрлер Кабинети менен қатнасықлары «Өзбекстан Республикасының Министрлер Кабинети ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының нызамы менен тәртиплестириледи.

Министрлер Кеңеси экономикалық, социаллық ҳәм мәдений раўажланыў мәселелерин шешкенде Өзбекстан Республикасының министрликлери, мәмлекетлик комитетлери ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары менен өз-ара байланаслы ҳәрекет етеди, Қарақалпақстан Республикасының аймағында жайласқан оларға қараслы кәрханалардың, шөлкемлердиң ҳәм мәкемелердиң хызметин муўапықластырады ҳәм де қадағалайды.

Өз ўәкилликлери шеңберинде Министрлер Кабинети Министрлер Кеңесиниң Өзбекстан Республикасының Конституциясына ҳәм нызамларына, Өзбекстан Республикасы Президентиниң пәрманлары, қарарлары ҳәм бийликлерине, Министрлер Кабинетиниң актлерине қайшы болған қарарлары ҳәм бийликлериниң орынланыўын тоқтатып турыўға ҳақылы.

Қарақалпақстан Республикасының экономикалық, социаллық ҳәм руўхый-мәдений раўажландырыўға, оның тәбийий ресурсларынан ақылға муўапық пайдаланыўға ҳәм оларды қорғаўға байланыслы мәселелер Министрлер Кабинети тәрепинен қарап шығылып атырғанда, Министрлер Кеңеси өзиниң усыныслар киргизеди.

Министрлер Кабинети, Өзбекстан Республикасының министрликлери, мәмлекетлик комитетлер ҳәм басқа да мәмлекетлик басқарыў уйымлары менен Министрлер Кеңеси күнделикли байланысларын тәмийинлеў мақсетинде Министрлер Кабинети жанында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер

Кеңесиниң турақлы ўәкилханасы болады.

## 9-бап. Министрлер Кеңеси жумысының ашықлығы ҳәм жәриялылығы

### 43-статья. Министрлер Кеңеси жумысының ашықлығын тәмийинлеў

Министрлер Кеңеси «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамына муўапық халық пенен ашық байланысты тәмийинлейди, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын қарап шығады, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин қабыллаўды шөлкемлестиреди.

Министрлер Кеңесиниң аппараты физикалық ҳәм юридикалық шахслардың Министрлер Кеңеси аппаратына, мәмлекетлик басқарыў уйымларына ҳәм де жергиликли атқарыўшы ҳәкимият уйымларына келип түскен мүрәжатлары менен ислеў мониторингин ҳәм анализин әмелге асырады.

Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын қарап шығыў жағдайын үйрениў жуўмақлары Министрлер Кеңесиниң Президиумы мәжилислеринде ямаса селектор мәжилислеринде ҳәр шеректе, сондай-ақ тийисли лаўазымлы шахсларға жуўапкершилик илажларын көриў ҳаққында усыныслар киргизген ҳалда қарап шығылады.

Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў системасының нәтийжели жумыс алып барылыўын тәмийинлеў мақсетинде Министрлер Кеңеси Өзбекстан Республикасы Президентиниң Халық қабыллаўханасы ҳәм Виртуал қабыллаўханасы менен бирге ислеседи.

### 44-статья. Министрлер Кеңеси жумысын ғалаба хабар қуралларында жәриялаў

Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң жумысы ҳаққындағы мағлыўматтан пайдаланыўы, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясының 28-статьясына ҳәм «Мәмлекетлик ҳәкимият ҳәм басқарыў уйымлары жумысының ашықлығы ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасы

Нызамына муўапық тәмийинленеди.

Министрлер Кеңеси ўәкилликлери шеңберинде төмендегилер арқалы өз жумысын ғалаба хабар қуралларында жәриялаў илажларын көреди:

өз рәсмий веб-сайтында Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң жумысы ҳаққындағы мағлыўматларды жайластырыў ҳәм жаңалап турыў;

Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилислерин жәриялаў.

Министрлер Кеңеси ҳәм оның Президиумы мәжилислерин ғалаба хабар қуралларында жәриялаў, сондай-ақ қарап шығылатуғын мәселелердиң додаланыўына жәмийетшиликти тартыў тәртиби Министрлер Кеңеси Баслығы тәрепинен белгиленеди.

Қарақалпақстан Республикасы Ҳүкиметиниң рәсмий веб-сайтына мағлыўматларды жайластырыў ҳәм жаңалап турыў Министрлер Кеңесиниң баспасөз хызмети тәрепинен әмелге асырылады.

## 10-бап. Министрлер Кеңеси ағзаларын ҳәм оның аппараты хызметкерлерин материаллық жақтан хошаметлеў ҳәм социаллық тәмийинлеў

### 45-статья. Министрлер Кеңеси ағзаларын ҳәм оның аппараты хызметкерлерин материаллық хошаметлеў

Министрлер Кеңеси ағзаларының ҳәм оның аппараты хызметкерлериниң лаўазымлық ис ҳақысынан ҳәм де нызамшылықта нәзерде тутылған басқа да төлемлерден ибарат.

Министрлер Кеңеси ағзаларын ҳәм оның аппараты хызметкерлерин материаллық жақтан хошаметлеў нызамшылыққа муўапық әмелге асырылады.

### 46-статья. Министрлер Кеңеси ағзаларын ҳәм оның аппараты хызметкерлерин социаллық тәмийинлеў

Министрлер Кеңеси ағзаларына ҳәм оның аппараты хызметкерлерине ҳақы төленетуғын демалыслар бериледи.

Министрлер Кеңеси ағзалары ҳәм оның аппараты хызметкерлери кепилленген медициналық ҳәм де санаториялық-саламатластырыў жәрдеминен пайдаланады.

## 11-бап. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

### 47-статья. Министрлер Кеңесиниң жумысын қаржыландырыў

Министрлер Кеңесиниң жумысы Қарақалпақстан Республикасының республика бюджет қаржылары, сондай-ақ нызамшылықта қадаған етилмеген басқа дереклер есабынан қаржыландырылады.

### 48-статья. Министрлер Кеңесиниң актлери, Министрлер Кеңеси лаўазымлы шахсларының ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) үстинен шағым етиў

Министрлер Кеңесиниң актлери ҳәм оның лаўазымлы шахсларының ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) үстинен нызамда белгиленген тәртипте шағым етилиўи мүмкин.

### 49-статья. Қарақалпақстан Республикасы айырым нызам актлериниң өз күшин жойытқан деп табыў

Төмендегилер өз күшин жойытқан деп табылсын:

1) «Қарақалпақстан Республикасының Министрлер Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 29.01.1998-жылы қабыл етилген

328/I-санлы Нызамы;

2) «Қарақалпақстан Республикасының айырым нызамларына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 28.08.1999-жылы қабыл етилген 473/I-санлы Нызамы;

3) «Қарақалпақстан Республикасының айырым нызамларына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 03.03.2006-жылы қабыл етилген 78/III-санлы Нызамы;

4) «Қарақалпақстан Республикасының айырым нызамларына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 27.06.2014-жылы қабыл етилген 209/XV-санлы Нызамы 25-статьясы;

5) «Қарақалпақстан Республикасының айырым нызамларына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 2.03.2015-жылы қабыл етилген 28/III-санлы Нызамы 15-статьясы;

6) «Қарақалпақстан Республикасының айырым нызамларына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 28.07.2015-жылы қабыл етилген 43/IV-санлы Нызамы 2-статьясы;

7) «Қарақалпақстан Республикасының айырым нызамларына өзгерис ҳәм қосымшалар киргизиў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының 10.06.2016-жылы қабыл етилген 92/IX-санлы Нызамы 1-статьясы;

**50-статья. Усы Нызамның орынланыўын, жеткерилиўин, мазмуны ҳәм әҳмийетиниң түсиндирилиўин тәмийинлеў**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Әдиллик министрлиги усы Нызамның орынланыўын, орынлаўшыларға жеткерилиўин ҳәм мазмунын ҳәм де әҳмийетин халық арасында түсиндирилиўин тәмийинлесин.

**51-статья. Нызам ҳүжжетлерин усы Нызамға муўапықластырыў**

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси:

ҳүкимет қарарларын усы Нызамға муўапықластырсын;

мәмлекетлик басқарыў уйымлары усы Нызамға қайшы болған өз нормативлик ҳуқықый актлерин қайта қарап шығыўы ҳәм бийкар етилиўин тәмийинлесин.

**52-статья. Усы Нызамның күшке кириўи**

Усы Нызам рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

**Қарақалпақстан Республикасы**

**Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов**

Нөкис қаласы,

2022-жыл 19-март

№ 199/XXVI